ZAMONAVIY ILM-FAN VA INNOVATSION TADQIQOTLARDA NATIJALAR MUHOKAMASI

XXI-RESPUBLIKA ILMIY-AMALIY KONFERENSIYA

YAKUNLARI BO'YICHA ILMIY ISHLAR TO'PLAMI




Issue - 10(2025) Available at www.uznauka.uz

# XIYWA XANLÌGÌNÌŃ PATSHA ROSSIYASÌ TÀREPINEN BASÌP ALÌNÌWÌ HÀM JERGILIKLI XALÌQLARDÌŃ MILLIY-AZATLÌQ GÙRESLERI (1873-1917)

**Isakova Gulaysha**

Tariyx qànigeligi 1-kurs magistrantı, QMU

***Annotaciya***. *Maqalada Xiywa xanlıǵınıń patsha Rossiyası tàrepinen basıp alınıwı talqılanadı. Tiykarınan, Xiywa xanlarınıń basqınshılıq hàreketleri hàm xalıqtıń azatlıq ushın gùresleri haqqìnda sòz etiledi. Xiywa xanlıǵınıń basıp alınıwı nàtiyjesinde patsha Rossiyasınıń erisken jetiskenlikleri haqqında maǵlıwmat beriledi.*

***Tayanısh sòzler:*** *Xiywa xanlıǵı, patsha Rossiyası, Orta Aziya, basqınshılıq, azatlıq gùresleri.*

Rossiya imperiyası Orta Aziyada basqınshılıq júrisleri nátiyjesinde basıp alınǵan aymaqlarda dáslep bekkem ornalasıp aldı. Xiywa xanlıǵına qarsı áskeriy júriske bes jıl tayarlıq kórdi. Júris ushın bunday uzaq tayarlıq kóriwdiń tiykarǵı sebebi A. Bekovich-Cherkasskiy basshılıǵındaǵı áskerlerdiń jeńiliske ushıraǵanlıǵı (1717) bolsa, basqa jáne bir sebep 1839-jılı V. Perovskiy basshılıǵındaǵı áskerlerdiń Xiywa xanlıǵına jetip bara almay arqaǵa qaytqanlıǵı boldı. Xanlıqtı basıp alıw Rossiya imperiyası ushın Ámiwdáryanı qolǵa kirgiziw edi. Ámiwdáryanı iyelew birinshi náwbette suw deregi, suw arqalı sawda qatnasıqları, dáryanıń tómengi aǵımındaǵı tegisliklerdegi hasildar jerlerden paydalanıw imkaniyatına iye bolıw esaplanǵan [4].

Rossiya imperiyası tárepinen Orta Aziyanı basıp alıwdıń úshinshi basqıshı (1873—1879-jıllar) dawamında Xiywa xanlıǵıda basıp alındı. Hújim batısta Mańǵıshlaq, arqada Orenburg, shıǵısta Túrkstan hám qublada Krasnovodsk sıyaqlı tórt áskeriy okrugtan alıp barıldı. Bunda 12 mıńnan artıq ásker, 4600 at hám 20 mıń túyeden ibarat áskeriy bólimler qatnasqan. Bul áskerlerge K.P. Kaufman basshılıq etti. Bul kóp sanlı áskeriy bólim 1873-jılı fevralda ózleri ornalasqan jerleri — Tashkent, Orenburg, Mańǵıshlaq hám Krasnovodsktan derlik bir waqıtta jolǵa shıqtı. Xiywa xanlıǵına alıp barıwshı jollardıń jamanlıǵı, dáslep 25 dáreje suwıqta, keyin 40 dárejeden joqarı temperaturada jol júriw júdá qıyın ótti [2].

Bunnan basqa shóllerde 60 dárejege shekem ıssı bolıwı, suwsız dalalıqlardaǵı jollar sebepli áskeriy bólimler mánziline jetpesten-aq sapları azaydı. Xiywaǵa 7,5 mıń adam ǵana jetip bardı. Krasnovodsk hám Mańǵıshlaqtan Xiywa tárepke júrgen áskerler jáziyrama ıssı hám suw jetispewshilikten qıynalǵanlıǵı sebepli artqa qaytıp ketti. Tek Tashkent, Orenburg jónelisinen jolǵa shıqqan áskerler 1873-jıl may ayında Xiywa xanlıǵı shegaralarına jetip keldi. Rossiya imperiyası áskerleri menen Xiywa xanlıǵı áskerleri ortasında may ayında Xazarasp qorǵanı, Qońırat, Xojeli, Mańǵıt qalaları hám Xiywa qalası janında sawashlar bolıp ótti. Tárepl erdıń kúshleri teń emesligi, xiywalılarǵa qaraǵanda patsha húkimeti áskeriy bólimleri jaqsı qurallanǵanı sebepli xanlıq qorǵawshıları jeńildi [5].

1873-jıl may ayınıń ortalarına kelip koloniallıq húkimettiń tiykarǵı áskerleri Xiywaǵa jetip keldi. Bul sawashta eki tárepten de úlken shıǵınǵa ushıradı. Hújimge basshılıq etken general Veryovkin jaradar boldı. Patsha húkimeti áskerleri sheginip, fon Kaufman basshılıǵındaǵı kúshlerdi kútiwge májbúr boldı. Xiywaǵa

jetip kelgen K.P.Kaufman basshılıǵındaǵı áskeriy bólim jáne qalaǵa hújim etti. 29-may kúni qalanıń Xazarasp dárwazasınıń dushpanlarǵa ashıp berilgenliginen xanlıq paytaxtı iyelendi. Keyin K.P.Kaufman sóylesiwler alıp barıw jolın tańladı. K.P. Kaufman Xiywanı basıp alǵannan soń xan ǵáziynesin kontribuciya (taban) ornına alınıp, ǵáziyne menen birge eski qoljazbalar, xannıń taxtı hám taji, denege basılatuǵın tamǵa hám basılǵan súwreti, qońırat dinastiyası xanlarınıń hákimiyatı nıshanları hám basqa qolǵa kirgizilgen materiallıq baylıqlardı Sankt-Peterburgqa jiberdi. K.P.Kaufman Xiywanı iyelegennen soń Xiywa xanlıǵı menen sóylesiwler ótkiziw ushın Gandimiyon awılındaǵı sarayına bardı. Ol usınıs etken pitim shártnamasına Xiywa xanı Muhammed Raximxan II 1873-jıl 12-avgustta qol qoyıwǵa májbúr boldı [1]. Shártnamanıń birinshi statyasında: «Sayid Raxim Bahadırxan ózin Pútkil Rossiya imperatorınıń sadıq xızmetkeri dep tán aladı. Ol qońsı húkimdarlar hám xanlar menen hárqanday tikkeley doslıq qatnasıqlardan hám olar menen qanday da bir sawda yamasa basqa shártnamalar dúziwden waz keshedi hám de Rossiyanıń Orta Aziyadaǵı joqarǵı hákimiyatınıń ruqsatısız olarǵa qarsı heshqanday jawıngerlik háreketlerdi ámelge asırmaydı»,—dep jazıp qoyılǵan edi. Xiywa xanı ǵárezsiz túrde emes, al Rossiya imperiyası ırazılıǵı menen ǵana baylanıs ete alatuǵın boldı. Xiywa xanlıǵına qaraslı Ámiwdáryanıń oń jaǵası, oǵan qońsı jerlerdıń barlıǵı, xan iyeliginen shıqtı. Ámiwdáryá boylap erkin háreketleniwi ushın Rossiya kemelerine keń huqıq berildi. Rossiyalı sawdagerler hám de olardıń zatları ushın xan hám jergilikli hákimler juwapker boldı. Olar xanlıqta erkin júriwi, bajı tólemlerisiz sawda etiw huqıqın qolǵa kirgizdi. Gandimiyon shártnamasında: «Ámiwdáryánıń shep jaǵasındaǵı ruslarǵa qolay bolǵan jerge olar pristanların qurıw huqıqına iye. Xanlıq usı pristanlardıń

saqlanıwı hám qáwipsizligi ushın juwapker. Olar ushın jerdiń tańlanıwı, Orta Aziyadaǵı rus joqarǵı hákimiyatınıń tastıyıqlawına baylanıslı», —dep kórsetip qoyıldı. Shártnamaǵa muwapıq Xiywa xanlıǵı 2 million 200 mıń rubl tabandı 20 jıl dawamında tólewi belgilendi [3]. Bul taban xalıqtan jıynap alınatuǵın boldı. Gandimiyon shártnaması Xiywa xanlıǵınıń Rossiya imperiyasına baǵınıshlıǵın kórsetiwshi hújjet boldı. Shártnama sonıń menen birge xanlıq xalqın júdá awır awhalǵa saldı. Xalıq taban menen birge, jańa salıq hám minnetlemelerdi tóledi. Sonday-aq, xanlıq aymaǵınıń úsh barabar qısqarıwı xanlıqtıń mámleket sıpatında atına ǵana bolǵanlıǵın, tiykarında ǵárezsizligin joǵaltqan protektoratǵa aylanǵanlıǵın kórsetetuǵın edi.

Juwmaqlap aytqanda Xiywa xanlıǵınıń patsha Rossiyası tàrepinen basıp alınıwı patsha Rossiyasınıń ekonomikalıq jaqtan rawajlanıwına alıp keldi.

## PAYDALANILǴAN ÀDEBIYATLAR:

1. Ózbekistan tariyxi: Orta bilim beriw mákemeleriniń 10-klasi hám orta arnawli, kásip óner bilimlendiriw mákemeleriniń oqiwshilari ushin sabaqliq/Avtor: Q.Rajabov, A.Zamonov. 1-basilim. — Nókis: «Bilim» baspasi. 2017. — 144 b.

2. Lapasov M.X. (2022). XVIII ASR OXIRI VA XIX ASR BOSHLARIDA XIVA XONLIGI BILAN ROSSIYA IMPERIYASI O'RTASIDAGI IQTISODIY

MUNOSABATLARINING RIVOJLANISHI. Экономика и социум, (4-1 (95)), 98-102.

3. А.Р.Мухаммаджонов, Т.Неъматов. Некоторые источники к истории взаимоотношений Бухары и Хивы с Россией. Т.1957.С.143-144

4. Жуковский С. Сношение Росси с Бухарой и Хивой за последнее трехсотлетие. Петроград. 1915. С. 103

5. Н.Веселовский. Очерк историко-географических сведений о Хивинском ханстве с древнейших времен до настоящего. СПб. 1877. С.186

6. Р.Р.Алимова. Урта Осиё хонликларининг кушни давлатлар билан дипломатик ва савдо-иктисодий муносабатлари (XVI-XX аср бошлари рус тарихшунослиги ва манбалари асосида). Т. 2017. 68-75-бет